

# Asistans pou lojman HomeBASE nan Eta Massachusetts



HomeBASE bay fanmi ki kalifye pou chèltè ijans EA yo yon asistans nan zafè lojman. Nan kad pwogram HomeBASE la, **oumenm ak fanmi w gendwa kalifye pou resevwa jiska \$30,000 sou yon peryòd dezan**, ak posiblite pou jwenn asistans pou yon twazyèm ane tou.

## Èske fanmi mwen kalifye pou HomeBASE?

Men kondisyon yo:

- Se pou w yon rezidan Massachusetts
- Se pou w reponn ak limit revni pwogram nan
- Se pou w ansent oswa se pou w gen ptit ki poko gen 21 lane
- Se pou w sanzabri akoz yon dife, yon inondasyon, yon katastwòf natirèl, poutèt gouvènman an oswa bank lan pran kay la nan men w, poutèt ou sove akoz vvolans ki fèt nan kay la, poutèt mèt kay la te mete w deyò kay la san se pa t fòt ou, oswa poutèt ou gen yon ptit ki an danje akoz yon pwoblèm sante oswa yon pwoblèm sekirite
- Se pou w viv oswa kalifye pou viv nan yon chèltè ijans pou fanmi EA. Epitou, HomeBASE disponib pou fanmi k ap viv nan chèltè pou vvolans nan fanmi ki pa chèltè EA oswa k ap patisce nan pwogram tretman rezidansyèl



## Pou ki bagay pwogram HomeBASE la peye?

HomeBASE ka peye pou depans sa yo: lwave kay, depo garanti, komisyon ajan imobilye a mande, mèb, depans ki fèt pou demenajman an, bòdwo kouran ak dlo, avèk lwave kay ak bòdwo kouran ak dlo ou te sipoze peye deja. Met sou sa, HomeBASE ap ba w yon moun k ap jere dosye w ki pral ede w ak fanmi w jwenn sipò nan kominote a nan domèn edikasyon, anplwa, fòmasyon pwofesyonèl ak gadri.

## Kiyès mwen ka kontakte pou m jwenn enfòmasyon sou HomeBASE?

- Kontakte yon anplwaye k ap travay nan yon chèltè ijans pou fanmi EA oswa yon asistan sosyal. Moun sa a ap refere w nan HomeBASE. Si w kalifye, yon etablisman HomeBase ap ba w yon koutfil oswa voye yon imèl ba w apre 1 oswa 2 jou biznis.
- Si w pa t jwenn okenn enfòmasyon sou HomeBASE epi ou kalifye oswa ou sou yon lis datant pou antre nan yon chèltè ijans pou fanmi EA, rele liy kontak pou chèltè ijans pou fanmi Massachusetts la nan 866-584-0653, lendi pou vandredi, soti 8è nan maten rive 5è nan aprèmidi.
- HomeBASE pa mande yon aplikasyon apa. Si w te deja aplike pou chèltè ijans pou fanmi EA a, ou pa gen pou aplike yon lòt fwa ankò.

## Èske pwogram HomeBASE la ap bon pou mwen ak fanmi mwen?

HomeBase bay yon èd pou chèltè nan ka ijans oswa chèltè pou yon ti tan sèlman. **Lè pwogram nan fini, oumenm ak fanmi w ap gen pou peye tarif yo mande sou mache a pou lwave kay la.** Chèche yon lojman nan yon pri w ap ka peye apre pwogram nan fini. HomeBASE pa garanti yon lojman estab alontèm. Gen fanmi ki oblige retounen nan chèltè lè èd HomeBASE ba yo a fini.

## Si w pa kapab peye lwave kay la lè pwogram HomeBASE la fini, yo gendwa mete w deyò nan kay la.

- Si yo mete w deyò nan kay la, ou ka pa gen aksè nan afè pèsonèl ou yo epi ou ka gen pou peye depans legal ki fèt yo.
- Si yo mete w deyò nan kay la, yo anrejistre sa nan dosye lwave w epi sa ka gen yon enpak negatif sou kredi w, konsa li ka vin pi difisil pou w jwenn yon lojman oswa pou mande yon prè pi devan.
- Epitou, si yo mete w deyò nan kay la, ou ka vin pa kalifye pou kèk benefis lojman.

Fanmi yo ka mande lòt kalite èd tou pou lojman pandan y ap resevwa avantaj HomeBASE yo.